# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 3-майдағы 1\284-санлы «Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 22-апрель күни кеңейтирилген тәризде өткерилген видеоселектор мәжилисиниң 21-санлы баянатында берилген тапсырмаларды орынлаў ҳаққында»ғы хаты туўралы**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 3-майдағы 1\284-санлы хатында Өзбекстан Республикасы Прездента Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 22-апрель күни кеңейтирилген тәризде өткерилген видеоселектор мәжилисинде аймақларда хызмет көрсетиў тараўы бағдарларын раўажландырыў бойынша әҳмийетли ўазыйпалар қаралып, министрлик, басқарма, шөлкем ҳәм ири кәрханаларға, қала, район ҳәкимликлерине бир қанша тапсырмалар берилгенлиги атап өтилген.

Атап айтқанда, пандемияның унамсыз тәсирин жумсартыў мақсетинде, хызметлер көрсетиў ҳәм сервис тараўындағы исбилерменлерди қоллап-қуўатлаў ушын 24 түрдеги салық жеңилликлери, субсидия ҳәм басқа префенциялар усыныс етиў арқалы 35 трлн сумлы жәрдем берилгенлиги;

Шаңарақ исбилерменликти раўажландырыў бағдарламалары әтирапында хызмет көрсетиў тараўына 1 трлн пул жеңиллетилген кредит ресусларының ажыратылғанлығы, саўда банклериниң өз дәраматлары есабынан усы тараўда ислеп атырған исбилерменлерге косымша 14 трлн сум кредитлер берилгенлиги;

Соның менен бирге, анык методология жаратылмағаны, сондай-ақ, орынларда сектор баслықларынын итибарсызлығы ақыбетинде көрсетилип атырған хызметлер куўатлылығы, объектлер санын аныклаў ҳәм аймақларды туўры баҳалаўдың имканы болмай атырғанлығы көрсетилген.

Аймақлардың өзине сәйкес қәсийетлери ҳәм имканиятларынан келип шығып, хызметлер тараўын раўажландырыў, орынларда жаңа хызмет түрлерин жолға қойыў, жоқары тәжирийбе тийкарында усы тараўда әмелге асырылған заманагой жойбарлар ойлап табыў, тармақлар басшылары, ҳәкимлер ҳәм сектор баслыкларының жуўапкершилигин асырыў мақсетинде мәжилис қарары қабыл етилген.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 3-майдағы 1\284-санлы «Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 22-апрель күни кеңейтирилген тәризде өткерилген видеоселектор мәжилисиниң 21-санлы баянатында берилген тапсырмаларды орынлаў ҳаққында»ғы хатын басшылыққа ала отырып **буйыраман:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 3-майдағы 1\284-санлы «Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 22-апрель күни кеңейтирилген тәризде өткерилген видеоселектор мәжилисиниң 21-санлы баянатында берилген тапсырмаларды орынлаў ҳаққында»ғы хаты басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Министрликтиң улыўма орта билим бериў мәкемелери жумысларын муўапықластырыў бөлими (М.Асеметдинов)не, халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имаратлардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекетлик-жеке шериклик бөлими (И.Балтабаев)не, билимлендириў мәкемелеринде қәўипсизлик ҳәм балалар саламатлығын тәмийинлеў, саламат аўқатландырыўды шөлкемлестириў секторы (С.Хабипов)на, финанслық талықлаў ҳәм режелестириў бөлими

(Т.Утепов)не, «Ёшлик» спорт жәмийети Қарақалпақстан бөлими баслығы орынбасары (Б.Байниязов)на:

**- бир ҳәпте мүддетте** есап-китапларды қайта көрип шығып, келеси жылда аймақларда билимлендириў мәкемелери тәрепинен пуллы хызметлер көрсетиўдиң қайсы бағдарлары есабынан кеминде 2 есеге асырыў бойынша тийкарланған режелерди ислеп шығыў ҳәм белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри жанындағы өндирислик мәжилиске тастыйықлатыўға киритиў;

**-бир ҳәпте мүддетте** «Жиззах тәжирийбеси» тийкарында исбилерменлик субъектлериниң қатнасы арқалы улыўма орта билим бериў мектеплери аймағынан нәтийжели пайдаланған ҳалда, мәмлекетлик ҳәм жеке меншик мектеплерди қоспа жайластырыў бойынша усыныслар таярлаў ҳәм белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине киритиў;

**-еки ҳәпте мүддетте** кем тәмийинленген шаңарақ перзентлериниң улыўма орта билим бериў мектеплеринде күни узайттырылған топарларда оқыўы ушын төлемлерди «темир дәптер», «ҳаяллар дәптери» ҳәм «жаслар дәптери» қорлары есабынан қаплаў тәртибине усыныслар таярлаў ҳәм белгиленген тәртипте Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине киритиў;

-Өзбекстан Республикасы Прездентi Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 22-апрель күни кеңейттирилген тәризде өткерилген видеоселектор мәжилисиниң 21-санлы баянатында берилген тапсырмалардың орынланыў барысы ҳаққында белгиленген мүддетлерде есабат берип барыў ўазыйпалары жүклensин.

3. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа тапсырылсын.

**Министр** **Р.Реимов**

**Нөкис қаласы**
**2021-жыл 07-май**
**№120**